



## CHEF-BANDI-DANPOURI.

Anpil moun ap plenyen, rele nou agoch adwat, maten midi swa, pou yon sel koze **“peyi a gen plis chef ke senp sitwayen, plis dirijan ke dirije”**.

**Ayiti se sel peyi chef pa janm respekte lè, chef toujou an reta, chef pa janm vin nan biwo a lè, chef tj nan lari e CHEF PA PRAN BLOKIS** sanble an ayiti pa gen lwa pou chef. Se sak fè tout tout moun bezwen chef. Lontan yo pat konn plis pale de chef, yo t konn plis pale de leta. Yo t konn di w pa ekzanp, gwo neg se leta. Kounye a se pa gwo neg men se chef e sa w tande a, se yon sel bagay ki fè yon nonm chef se zam. Tout neg ki gen pouvwa ak gwo lajan pran neg ak zam mete ak yo. Leta a ki ta dwe la pou jere dezod la, antre nan menm dezod la, sèvi ak pouvwa leta, konsantre preske tout fòs lod yo dèyè yo, bay fanmi ak zanmi yo machin leta pou yo banbile san yo p ap regle anyen. Yon senp direktè jeneral gen plizyè machin dèyè li ak pliyè polisye kap sekirize li pandan peyi a pa gen sekirite. Eske w konprann sa? Nan nenpot ti blokis kantite machin k ap pran sans inik konn preske plis ke sak nan blokis la, sa ki souvan fè sitwayen nòmal ki respekte tet yo, (yo lach tou) pèdi plis tan nan blokis la. Tout enpav kap fè dezod yo **se chef, chef-zanmi-chef, chef-madan-chef, chef-polisye, chef-otorite-leta machin tente ak plak ou san plak ke lapolis pa janm kanpe**. Chef ki pap regle anyen kap jwi epi kap fè dezod, kreye plis blokis nan pran sans inik e ogmante ensekirite a sitou nan zafè aksidan. Tout chef ou tande a nan ti espas kote bandi pa pran yo wi.

Gen yon zanmi ki di nou pandan lap plenyen pou bagay sa a **“ayiti pa gen zòn bandi pa pran, gen zòn viv ansanm pa pran! paske lot zòn yo, se enpav, vòlè a vès nou rele otorite yo ki bandi, paske depi se chef kap fè dezod, vyole menm lwa yo peye w pou fè respekte yo, ou pi mal ke bandi. kidonk Tout chef kap fè dezod se chef Bandi”**. Li tou rakonte nou yon istwa: “Gen yon chef ki pase sirèn li devan lekòl pitit li pou lot paran ka ba l pase pou l bay timoun li an, paske l prese, li pral travay pou peyi a...lol. Nan demen pitit la pa vle ale lekòl, lè papa a mande l sak pase li di, lè li te rive lekòl la, li di tout timoun papa l se chef se sak fè li rive avan yo, papa l pa rete nan blokis. Ti moun yo fawouche l, di ke **papa l pa chef selman, papa l se yon chef bandi**, paske pwofesè a t di yo **depi w ap itilize resous leta pou fè zafè pesonel ou e jwi avantaj ke w pa merite sou lot moun, ou se yon bandi**, anplis se devan lekòl la ak kote ki pa gen danje papa l eksèse chef li a. Poukisa papa l pat anpeche bandi pran zòn kote lekòl la teye avan an?. Sa papa l ap fè a rele **danpouri gen fos sou bannann mi. Lè yon chef ap kache pou bandi epi ap ekzèse otorite li sou si twayen peyizib, li pa chef li se yon chef-bandi-danpouri**”.

Teks sa a pa ekri pou anmegde leta a, ni pou deranje enstitisyon lapolis la men pou konsyantize tout moun ki vle ayiti rejwenn diyite l, anpeche vagabond ki anndan leta a kontinye krache sou travay bon sèvitè nan leta a ap fè. Fok DCPR kontinye frape pye l atè menm jan yo te fèl pou antre lekòl la. Repran kontwol sikilasyon an, kesyon moto ak ti moto, kamyonet, bis k ap fè dezòd, moun kap pran sans inik, kap mal kanpe nan lari machin kap sikile san plak, fok la meri trase rout yo JENERASYON KAP VINI AN PAP GEN ANKENN PRENSIP, SI SA N RELE OTORITE KOUNYA LA YO PA SISPAWN FÈ DEZOD.

([www.sek-media.com](http://www.sek-media.com) whatsapp-38634201)

